



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 fevriye 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA BLOOMBERG ANONSE PLAN POU NOUVO URBAN LEAGUE
EMPOWERMENT CENTER NAN MITAN HARLEM**

***Sant lan pral gen ladan espas pou biza, kilti, komès an detay, ak itilizasyon kominote, pou jwe wòl
prensipal nan renesans Harlem k ap kontinye***

Harlem pral gen ladan premye mize dwa sivil nan Eta New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Michael R. Bloomberg te anonse premye detay yon pwojè final pou transfòme yon zòn yo pa itilize ase nan mitan Harlem an Urban League Empowerment Center, yon sant pou boza, kilti, komès an detay ak itilizasyon kominote.

Pwojè a ki te jwenn apwobasyon Konsèy Direktè Empire State Development, pral anba kontwòl Hudson Companies, BRP Development Corporation ak National Urban League, epi l ap transfòme yon espas tè ki mezire 42.000 pye kare yo pa itilize ase nan moman an, ki nan 125th Street ant Adam Clayton Powell Jr. Boulevard ak Lenox Avenue/Malcolm X Boulevard, an Urban League Empowerment Center. Depi li fini, sant sa a pral gen ladan premye mize dwa sivil Eta New York, ak nouvo biwo santral nasyonal pou National Urban League, yon sant konferans dènye modèl, ak espas ki deziyen pou lojman, komès an detay ak estasyonman piblik.

Sant lan se yon poto-mitan renesans Harlem k ap fèt san rete pou bay ekipman pou katye a ak ekipman kiltirèl, epitou l ap kreye anpil djòb ak aktivite ekonomik nan zòn nan.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Pwojè sa a ap pral jwe yon wòl enpòtan nan renesans Harlem k ap fèt san rete. Li pral kreye anpil djòb, pran avantaj sou boza ak istwa kiltirèl rich kominote a, epitou l ap tire nouvo investisman ak opòtinite. Kòm yon rezilta pwojè sa a, mwenn fyè pou di Harlem ap kay pou premye mize dwa sivil Eta a ak enstitisyon enteresan sa yo, tankou National Urban League, ap rete epi grandi isit la nan New York."

Majistra Bloomberg di konsa, "Depi lè nou te separe 125th Street an zòn nan ane 2008, nou te wè koridò santral sa a kontinye ap grandi kòm yon sant enteresan pou biza, kilti, amizman ak komès an detay nan Harlem. Urban League Empowerment Center pral yon pyès enpòtan relans zòn nan k ap fèt san rete, pou selebre istwa rich Harlem pandan l ap kreye aktivite ekonomik enpòtan k ap asire fiti li menm pi briyan."

Pwojè a se rezilta yon Demann Pwopozisyon (RFP) Empire State Development ak Sosyete Devlopman Ekonomik New York te fè nan mwa me 2012 pou ogmante opòtinite pou boza, opòtinite pou kilti ak

opòtinite ekonomik toutolon Koridò 125th Street. Apre yon evalyasyon jeneral ak yon pwosesis estimasyon, ESD ak EDC te detèmine pwojè National Urban League/Hudson/ BRP Development Corporation te pi byen satisfè objektif ki endike nan RFP.

Marc H. Morial, Prezidan ak Direktè Jeneral National Urban League, di konsa, “Vil New York se kote National Urban League te fonde nan ane 1910 epi li te toujou reprezante biwo santral nou depi lè sa a. Menmsi yo te apwoche nou avèk òf pou chanje lokal biwo santral la pou mete li nan lòt vil yo, kè National Urban League isit la. Pandan n ap fè pwòp pwojè konstwiksiyon nou nan Harlem, nou panse menm fè yon sèl avèk vil nou renmen an. Nou gen rekonesans pou sipò Gouvènè Cuomo, Majistra Bloomberg ak plizyè ofisyèl ki pase nan eleksyon ak dirijan kominote nan pwojè sa a.”

Morial di konsa, “Okenn kominote nan nasyon an pa pi asosye avèk istwa ak kilti Ameriken Nwa pase Harlem, epi nou fyè ak kontan pou ede kreye anpil djòb, kontribiye nan kominote a, epitou patisipe nan lansman 125th Street.”

David Kramer, Direktè, Hudson Companies, di konsa, “Hudson gen lonè ak kontan anpil pou ede National Urban League bati nouvo kay li pou pwochen 100 ane yo, epi pou devlope nouvo Mize Eksperyans Dwa Sivil nan Vil. Enklizyon lojman ki baze sou revni miks ak komès an detay nan plizyè nivo fè sa vin nouvo pwojè ki pi enteresan ak konvenkan nan peyi a.”

Morial te di mèsè tou pou Meredith Marshall, Patnè Prensipal ak Ko-Fondatè BRP Development Corporation ak pou ekip li pou efò yo nan mete pwopozisyon an ansanm.

National Urban League, Hudson Companies ak BRP Development Corporation pral kòmanse devlopman espas la pou kreye yon devlopman itilizasyon ki enteresan ak komen k ap gen ladan:

- Biwo santral National Urban League: National Urban League, ki te fonde nan Harlem depi yon syèk, pral gen adrès li nan biwo santral pèmanan yo nan bilding sa a nan 125th Street apre afèmaj yo genyen nan Lower Manhattan ekspire nan ane 2017. National Urban League se yon òganizasyon istorik pou dwa sivil ak sipò iben ki bay sipò sou non Ameriken Nwa ak lòt sitwayen vil ki defavorab yo, epitou kont diskriminasyon rasyal nan Etazini. National Urban League te anvizaje chanje adrès li anvan pou ale nan biwo santral li nan Washington, D.C.
- Museum of the Urban Civil Rights Experience – nouvo mize dwa sivil klas mondyal – premye mize nan Eta New York – pral konsantre sou enpak dwa sivil iben, itilizasyon Harlem kòm yon lantiy kote pou wè pi gwo eksperyans dwa sivil nan vil ki nan Lamerik. Answit, sant akèy mize a ap deziyen pou sèvi kòm yon kote pou fè rasanbleman ak reyinyon pou vizitè Harlem, kote yo kapab aprann sou pwèn referans, òganizasyon ak pozisyon enpòtan toupatou nan katye a.
- Urban League Conference Center – Urban League pral itilize espas dènye modèl pou konferans pou fòmasyon l ap bay nan nasyon an, epi l ap mete li disponib pou gwoup kominotè ak òganizasyon yo itilize li pou aktivite sivik, kiltirèl ak sosyal.
- Komès an detay, lojman ki pa chè, estasyonman piblik – pwojè a pral ede fè koridò 125th Street vin dinamik avèk espas enpòtan pou komès an detay ki deziyen pou yon gwo magazen oswa pou yon gwo detayan nasyonal. Pwojè a ap gen ladan tou 114 inite lokasyon, 50 pousan ladan p ap koute chè. Dapre gid HPD, y ap anfème omwen 30 pousan inite lojman yo pou fanmi ki gen yon revni ki pi piti pase 130

pousan Revni Medyan Zòn nan, epitou yo dwe anfèm omwen 20 pousan inite lojman yo ba fanmi ki gen yon revni ki pi piti pase 50 pousan Revni Medyan Zòn nan. Y ap mete yon garaj estasyonman piblik ki gen omwen 225 espas.

Pwojè ap pèmèt Vil New York konsève 100 djòb nan biwo santral National Urban League, epi yo prevwa l ap bay anpil santèn djòb nan domèn konstwiksyon ak djòb pèmanan. Komite egzekitif National Urban League ap vote sou pwojè a lè yo rankontre nan semèn k ap vini an.

Manm Kongrè Charles Rangel di konsa, “Mwen kontan anpil avèk plan Gouvènè Andrew Cuomo ak Majistra Michael Bloomberg mete anplas jodi a. Nouvo Urban League Empowerment Center ki nan Harlem nou an pa ta posib san vizyon yo ak kalite dirijan yo. Lansman pwopriyete sa a gen posiblite pou pote anpil djòb ak nouvo investisman ki trè nesèsè nan sant kiltirèl Harlem lè li pote biwo santral National Urban League nan 125th Street ak lè li kreye premye mize dwa sivil nan New York.”

Manm Konsèy Inez E. Dickens di konsa, “Yo te fèk aprann mwen apwobasyon Empire State Development pou pwojè yo pwopoze pou National Urban League nan 125th Street. Erezman, pwojè sa a pral devlope baz ekonomik nou epi l ap bay opòtinite djòb ak lojman ki pa chè pou sitwayen kominote a. Mwen kwè l ap atire lajan touris, ki se yon faktè enpòtan nan devlopman yon baz ekonomik dirab. Li apwopriye pou premye Mize Dwa Sivil Eta New York ap gen adrès li nan Vilaj Harlem. Mwen kontan poutèt youn nan pi gwo sipòtè pwogram iben an, National Urban League, pral retounen nan kominote kote li te ye anvan. Answit, pwojè sektè piblik/prive sa a pral pwodui yon bonis kiltirèl atraktif k ap ranfòse ak anrichi repitasyon entènasyonal Harlem kòm youn nan pi gwo espas kiltirèl mondyal.”

Piblikasyon RFP nan mwa me 2012 te bay yon seri objektif pou kapab sipòte wòl zòn nan kòm youn sant boza, amizman ak komès an detay, ak yon koridò komèsyal ki deziyen pou nouvo devlopman. Pwojè Hudson-National Urban League-BRP pi byen prezante objektif sa yo, ki gen ladan: aktivasyon lari a sou plan fizik ak ekonomik; ranfòsman mas boza lokal, espas kiltirèl ak amizman lokal; sipòtè itilizasyon ki ogmante atraksyon ki la deja epi ki pwolonje tan vizitè yo; kreyasyon opòtinite djòb nan domèn konstwiksyon ak djòb pèmanan; epi demonstrasyon yon relasyon aklè pou istwa kiltirèl rich kominote lokal la.

Nan prèske demi milyon pye kare ki devlope nèt, Urban League Empowerment Center pral pi gwo devlopman pou itilizasyon komen, epi l ap kontinye avanse re-aktivasyon Koridò 125th Street.

Yo prevwa pwojè a ap kòmanse nan ane 2015.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418